# Коронавирустың гриппке болған тәсири баҳаланды

Image not found or type unknown

Россиялы илимпазлар 2020-жылы коронавирус тийкарынан грипп вирусының орнын басқанына итибар қаратқан.

Россиялы қәнигелер коронавирус пенен кеселлениў грипп пенен биргеликте кеселликтиң аўырласыўына алып келеди деген шешимге келди. Бул ҳаққында ТАСС хабар берди.

Илимпазлардың анықлаўынша, коронавирус ҳәм грипп комбинациясы менен наўқас грипптиң аўыр түри менен кесел болып қалыўы мүмкин. Лаборатория ҳайўанларында өткерилген тестлер соны көрсетеди, бул жағдайда инфекция көп муғдарда ушырасады.

Қәнигениң сөзлери бойынша, тийкарғы қәўип сонда, басқа кеселликлер менен араласып, коронавирус, ҳәттеки илимге белгили вируслар болса да, өз бағдарын өзгертиўи мүмкин. Соның менен бирге, илимпазлар 2020-жылы COVID-19 тийкарынан грипп вирусы орнын басқанын атап өткен.

Еслетип өтемиз, бурын гриппке қарсы шаншыў коронавирус жуғыў қәўипин 50 процентке азайтатуғыны айтылған еди ҳәм ДСМ ата-аналарға перзентлерин дем алыў органлары кеселликлеринен қорғаў ушын усыныслар берген еди.

Қарақалпақстан хабар агентлиги